



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS APATI MINWI NAN NEW YORK

Gouvènè a Òdone Anplwaye Eta ki pa Endispansab yo ki Touche pa Tanpèt la pou Rete Lakay yo Madi

Chanjman Enpòtan nan Sèvis yo Anvan Tanpèt la: Sèvis Metwo MTA Anlè Sèlman nan Vil New York nan Madi apati de 4 è A.M.; Bis Vil New York, LIRR ak Sèvis Metro North yo ka Sispann – Nou Ankouraje Pasaje yo Rete Lakay yo

Avi Tanpèt Nèj k Ap Anvigè Lendi Swa ak Previzyon 20 a 24 Pous Nèj nan Distri Kapital, Mohawk Valley, Lower Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island

Kondisyon Posib pou Tanpèt Nèj la Prewa 10-20 Pous Nèj k Ap Kouvri Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral – Pi Gwo Akimilasyon yo Prewa se nan Rejyon Sid ak Lès Kapital la ak Jiska 24 Pous

Gouvènè a Avèti tout Otomobilis - Sitou Chofè traktè ak Trelè - pou yo Atann yo aske gen Wout ki Fenmen

Sou Enstriksyon Gouvènè a, yo Deplwaye Stòk Resous Eta yo – tankou Sak Sab, Dèlko ak Ponp – Toupatou nan New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te deklare yon eta dijans nan tout 62 konte yo nan New York anvan gwo tanpèt ivè yo prewva kap pote gwo kantite nèj kap tonbe ak gwo van yo. Gouvènè a te òdone tou pou anplwaye eta yo ki pa endispansab ki touche pa tanpèt ivè a yo pou rete lakay yo, pou pa ale travay madi san yo pa repòte sa.

Sou enstriksyon Gouvènè a, sèvis metwo eksprès MTA a ap fèmen apre lè anbouteyaj la nan madi swa pou yo ka pake tren yo anba tè sou pis sa yo. Apati de 4 è a.m. madi, sèvis anlè metwo a ap fèmen. Nou ankouraje pasajè k ap vwayaje nan transpò piblik nan Vil New York, Chemendfè Long Island ak Metro North yo rete lakay yo demen, si posib, akoz yo prewva lòt chanjman nan sèvis yo. Pandan eta a kontinye ap prepare pou tanpèt la, Nouyokè yo dwe fè prekosyon, evite deplasman ki pa nesesè epi swiv ak atansyon konsèy sou tanpèt ivè yo pandan jounen an.

Gouvènè Cuomo te di: “Pou asire gouvènman lokal yo gen resous ak sipò yo bezwen pou prepare epi reponn rapidman a tanpèt ivè sa, mwen deklare yon eta dijans. Ak kondisyon gwo nèj tankou tanpèt yo prevwa soti nan rejyon nò rive nan sid eta a, n ap pran tout prekosyon pou kenbe Nouyokè yo an sekirite. Mwen ankouraje rezidan yo rete enfòme, evite deplasman ki pa nesèsè, e kote ki posib, kite travay yo bonè paske yo prevwa gen gwo nèj k ap tonbe apati aswè a.”

Yo prevwa pou nèj kouvri Pati Nò Eta New York, kote gen previzyon pou 12 a 24 pous nèj nan Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, ak rejyon New York Santral yo sou yon peryòd 48 èdtan apati lendi swa. Zòn sid Lak Ontario soti Buffalo rive Rochester ap obsève peryòd nèj k ap tonbe 2 a 3 pous pa è pandan yon pati nan jounen madi a.

Yo prevwa pi gwo akimilasyon nèj yo osid ak alès Rejyon Kapital la, rejyon Mohawk Valley, ak Mid-Hudson Valley kote yo atann 20 a 24 pous nèj soti byen ta nan lendi swa rive byen ta nan madi swa epi k ap diminye nan mèkredi. Gen gwo chit nèj k ap tonbe nan madi pandan lajounen ak nan zòn sa yo, pi gwo nèj yo ap tonbe ant 7 è a.m. rive 7 è p.m nan madi. Deplasman ap danjere anpil akòz gwo pousantaj van ak nèj k ap tonbe.

Tanpèt la deplase pou ale nan lwès e ap genyen gwo enpak sou rejyon Vil New York yo. Lanèj ap deplase rive nan lower Mid-Hudson Valley, Vil New York, ak Long Island apre minui nan lendi. Gwo nèj yo ap kòmanse bonè lendi swa e y ap tonbe nan yon frekans 2 a 3 pous pa è pandan lè tout moun deyò yo madi maten. Letan pou moun kondui rantrè lakay yo nan aswè, gen anpil chans pou gen 16 a 20 pous nèj epi pou moun pa ka wè byen pandan tout jounen an. Lanèj ki tonbe a gen dwa rive jiska 2 a 4 pous pa è detanzantan pandan jounen an, e gwo rafal van k ap vante de 64 a 80 kilomèt pa è nan Vil New York ak Long Island gen dwa agrave sityasyon an. Pi gwo kantite nèj yo ap tonbe nan pati nò Vil New York, konte Orange ak Putnam ap obsève 20 a 24 pous nèj pandan tout tanpèt la. Long Island, espesyalman nan zòn ki tou pre Montauk yo, ap obsève rafal jiska 97 kilomèt pa èdtan ki ka rache branch bwa ak liy elektrik. L ap pi difisil toujou pou kondui nan madi, keseswa nan maten oswa nan aswè. Yo atann a ti inondasyon bò lanmè lè mare a monte.

Avètisman Move Tan yo

- Avètisman pou Tanpèt Nèj yo ap antre an vigè pou rejyon Lwès New York, rejyon Finger Lakes, rejyon Santral New York, rejyon Mohawk Valley, Southern Tier, ak Rejyon nò Kapital la, soti nan lendi swa rive nan mèkredi swa.
- Avètisman pou Tanpèt Nèj pwal antre an vigè pou upper Mid-Hudson Valley ak rejyon Lès Long Island nan, soti byen ta nan lendi swa rive nan madi swa.
- Avètisman pou Tanpèt Nèj pwal antre an vigè pou rejyon North Country soti nan madi maten rive nan mèkredi maten.
- Alèt Tanpèt Nèj la ap antre an vigè pou zòn pi ba Distrik Kapital, Mid-Hudson Valley, Vil New York, ak Lwès Long Island yo soti byen ta nan lendi rive nan madi swa.

- Yon Avètisman pou Inondasyon Bò Lanmè ap antre an vigè soti 8 a.m. rive 2 p.m. nan madi sou kòt South Bays nan lwès Long Island ak plaj Oseyan Atlantik la.

Gouvènè a Òdone Tout Anplwaye Eta ki pa Endispansab yo Rete Lakay yo Madi

Akoz previzyon move tan yo ansanm ak gwo tanpèt nèj la, anplwaye nan tout konte yo sof, konte Jefferson, St. Lawrence, Lewis, Franklin, Clinton ak Essex, pa bezwen repòte a travay yo madi 14 mas e yo pa bezwen repòte absans sa. Si yon ajans gen nenpòt kesyon, reprezantan ajans lan deziyen an ta dwe kontakte Biwo Relasyon Anplwaye Gouvènè a (Governor's Office of Employee Relations) nan 518-474-6988.

Preparasyon Ajans Eta yo pou Tanpèt Nòde a

Reprezantan ki soti nan ajans eta sa yo, ak patnè pou repons dijans yo, ap nan Sant Operasyon Ijans Eta a (State Emergency Operation Center) pou prepare yo pou tanpèt la, apati lendi swa:

- Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)
 - Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management)
 - Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control)
- Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)
- Otowout Thruway Eta New York La (New York State Thruway)
- Lapolis Eta (State Police)
- Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)
- Divizyon Afè Militè ak Lamarin (Division of Military and Naval Affairs)
- Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision)
- Depatman Konsèvasyon Anviwonman (Department of Environmental Conservation, DEC)
- Lakwawouj Ameriken (American Red Cross)
- Biwo Sèvis Enfòmasyon Teknoloji (Office of Information Technology Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Anplis de aktivasyon Sant Operasyon Ijans lan, Biwo Jesyon Ijans Divizyon Sekirite Nasyonal la (Division of Homeland Security's Office of Emergency Management) an kominikasyon ak Sèvis Kondisyon Meteyo Nasyonal I la epi y ap kowòdone avèk responsab ijans lokal atravè tout eta yo. DHSES pral mete 2 UTV a cheniy sis pasaje ak yon veyikil a cheniy uit pasaje an pozisyon alavans avèk pèsonèl nan Brentwood Stockpile nan Long Island lan, avèk de veyikil a esye elve yo. Epitou gen yon veyikil a esye elve, avèk de UTV a cheniy a sis pasaje ki pozisyon alavans nan Rejyon Mid-Hudson Valley a ki ak tout pèsonèl yo epi yo te deplwaye yon veyikil a esye elve ki ak tout pèsonèl li nan Buffalo. Yon lòt UTV kontwòl pou sis moun pare pou mouvman nan lòt pati nan eta jan sa nesesè.

Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation) gen 3,847 operatè ak sipèvizè nan tout eta a epi yo pare pou reponn avèk 1,600 gwo kamyon a benn/chas nèj, 200 kamyon mwayen a benn/chas nèj, 324 charyo, 42 kamyon/charyo ki gen souflez nèj atache, 61 charyo remòkaj, 20 nivelez ak 15 kamyon pikòp ki gen chas nèj. DOT gen plis pase 443,000 tòn sèl wout ki disponib. Rejyon nan Nò yo pral genyen anplis 176 operatè ak sipèvizè, 12 manadjè tanpèt, 30 kamyon, ak 12 lodè / souflez pou sèvi Long Island e rejyon Mid-Hudson nan pou dire tanpèt sa a. Long Island Expressway ap gen 100 chas-nèj sou wout la - sa se doub deplwaman nòmal pou yon tanpèt nèj. DOT ap kontinye kontwole meteyo a pou asire ke tout resous ki andeyò rejyon an vini nan zòn kote yo atann aske tanpèt la frape pi fò.

Y ap raple tout otomobilis pou yo rele 511 pou tcheke 511NY, oubyen ale sou www.511ny.org avan yo soti. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò. Itilizatè mobil yo ka telechaje gratis aplikasyon mobil 511NY la apati iTunes oswa Google Play stores. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive (Kondui), ki sonnen pou avèti moun k ap kondui sou yon wout si gen ensidan osinon konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Thruway Authority (Otorite Thruway)

Preparasyon Thruway Authority Eta New York La pou move tan sezon ivè gen ladan yo woulman pèsònèl 24 sou 24 pou pèsònèl antretyen, ekipman pou retire nèj ki prè pou deplwaman, e anpil sèl ak gaz pou kenbe wout yo klè e san danje.

Thruway Authority gen plis pase 592 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 201 gwo chas nèj, 110 chas nèj mwayen ak 54 charyo atravè tout eta a avèk plis pase 114,800 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab, Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Thruway Authority ankouraje otomobilis yo pou enskri nan imèl TRANSalert sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout la. Otomobilis ka anrejistre pou yo resevwa TRANSalerts apati lyen sa a: www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml. Vwayajè sou otowout Thruway yo ka jwenn tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl lè yo suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon trafik la sou otowout Thruway a ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Lapolis Eta

Lapolis Eta New York pral deplwaye patwouy anplis pou dire tanpèt la, e tout resous yo ap disponib jan sa nesèsè, tankou paregzanp machin 4X4, machin tou-teren ak motonèj. Machin a esye elve ap pare pou deplwaman nan zòn ki afekte yo, jan sa nesèsè.

Gad Nasyonal New York

Sant Operasyon Konjwen Gad Nasyonal New York (New York National Guard Joint Operations Center) la ap aktiv epi y ap siveye sitistasyon an avèk apeprè 2,000 manm yo deplwaye nan rejyon espesifik nan eta a oswa yo prè epi yo disponib jan sa a nesesè. Gad Nasyonal New York la gen 350 manm ki gen 45 machin yo deplwaye nan Vil New York, 255 manm ki gen 38 machin yo deplwaye nan Hudson Valley; 135 manm ki gen 57 machin yo deplwaye nan Long Island; 100 manm ki gen 35 machin yo deplwaye nan Distri Capital la; 50 manm ki gen 22 machin yo deplwaye nan Santral New York; 255 manm ki gen 69 machin yo deplwaye nan Rejyon Lwès New York. Pèsonèl anplis pwal pral vin fè pati Katye Jeneral Inite Operasyonèl Jwent la nan rejyon Vil New York, Mid-Hudson ak Buffalo. Gad Nasyonal la pare tou, si sa nesesè, pou l voye pèsonèl ak machin a esye elve nan Long Island, Vil New York, ak Mid-Hudson Valley ak lòt rejyon nan eta a.

Metropolitan Transportation Authority (Direksyon Transpò Metwopoliten)

Tcheke www.mta.info ak <https://twitter.com/MTA> nouvo enfòmasyon ki enkli chanjman nan previzyon ijans yo. Nou ankouraje konsomatè yo pou enskri sou divès sistèm notifikasyon elektwonik MTA yo anpil – ki enkli alèt imel dirèk ak mesaj tèks ki ka pèsonalize pou depasman patikilye yon konsomatè nan www.mymtaalerts.com ak sou kont rezo sosyo MTA yo.

METWO

Sèvis ekspres la p ap fonksyone apre lè pwent yo madi swa. Apati de 4 è a.m., sèvis metwo anlè a ap fèmen. Tanpri verifye [Kat Jewografik Sèvis Souteren \(Underground Service Map\)](#) an pou plis detay.

Ekipman pou konbat nèt pou metwo yo se plis pase 2,000 aparèy pou fonn nèt ki estasyon sou tout sikwi enpòtan yo ak sou lòt enfrastrikti yo ki enkli: 1,500 aparèy chofaj tren; 80 tren ak soulye gratwa, yo itilize nan tren an sèvis pou grate nèt sou twazyèm wout la pandan yon tren ap deplase sou pis yo; 10 lans nèt, ki gen ekipman lans nèt direksyonal presi ak bwòs ki ka vire ki voye nèt la a 300 pye soti nan pis la e ki ka retire jiska 3,000 tòn nèt pa èdtan; 7 machin tren deglasaj, ki se tren ki ekipe ak soulye ki grate nèt ki akimile sou twazyèm pis la. Yo itilize pou ponpe tou pou distribue yon vapè likid deglasaj ki pa toksik, biyodegradab pou anpeche akimilasyon glas sou twazyèm pis la. Si yo kite glas la akimile, ekipman k ap pouse metwo a p ap ka tire kouran elektrik ki soti nan twazyèm pis la epi tren an ap kanpe. 4 souflèz pis, ke yo itilize antanke motè yon reyaktè pou retire nèt ki akimile sou chose a. Yo itilize pyès ekipman sa prensipalman pou kenbe chantye yo pwòp.

Yo te anile tout pwojè mentnans, pwojè reyabilitasyon ak konstwiksyon ke yo te planifye anvan yo, jiska madi apre midi.

BIS YO

Sèvis bis nòmal yo ap fonksyone lendi. Gen pwobabilite pou sèvis bis la fèmen madi maten dapre kondisyon wout lokal ak tanpèt nèt la. Jiska sispansyon sèvis la, yo te

ranplase tout bis atikile yo pa bis 40 pye nòmàl.

Sèvis operasyon bis yo genyen plis pase 90 pyès ekipman pou konbat nèj pou konplete travay ajans minisipal yo. Tout otobis sèvis yo ap genyen kawotchou nan chenn.

WOUT TREN YO:

Yo prevwa yon apre midi lè pwent nòmàl nan wout LIRR ak Metro North yo. Toulede wout yo prevwa posiblite pou sispann sèvis yo nan madi toutotan kondisyon yo ap pi mal epi van nèj ap soufle pou entèfere ak operasyon elektrisite twazyèm pis la, k ap kreye posiblite pou bloke tren ak pasaje yo. Y ap fè anons sèvis pou sèvis madi yo anvan 4:30 è a.m.

Metro-North Railroad: <https://twitter.com/MetroNorth>

Long Island Railroad: <https://twitter.com/LIRR>

Yo te deplwaye tren antijèl nan tout sistèm yo pou aspèje deglasè sou twazyèm ray la sou tout LIRR la, kote wout la ekspoze, nan kad jefò pou anpeche glas akimile, epi ap gen tren patwouy ki pa pote pasaje sou tout dwa pasaj yo pou anpeche deriv nèj yo fòme sou pis yo. Nan estasyon yo, gen lòt pèsònèl ki sale epi dejele platfòm nèj yo. Yo kenbe sal datant yo ouvè lajounen kou lannwit nan Long Island pou bayabri pou konsomatè yo epi yo kenbe kèk chanm yo chwazi ouvri nan estasyon Metro North yo. Yo te anile travay mentnans yo te planifye yo pandan tanpèt la.

Metro North genyen anviwon 1,500 anplwaye k ap travay espesyalman sou preparasyon ak repons kont tanpèt. Metro North genyen plis pase 270 pyès ekipman pou lite kont tanpèt sou plas, ki enkli: 212 soufle nèj, 35 kamyon pikòp chasnèj, 3 reyaktè fewovye, 767,000 liv sèl.

LIRR genyen anviwon 1,500 anplwaye k ap travay espesyalman sou preparasyon ak repons kont tanpèt e plis pase 400 pyès ekipman sou plas ki enkli: 362 soufle nèj, 18 kamyon pikòp chasnèj, 22 charyo traksyon avan, 7 reyaktè fewovye, 800,000 liv sèl.

PON AK TINÈL YO

Pon ak Tinèl yo ap rete ouvè lendi swa. Pasaj pyeton yo ap fèmen depi van yo atenn 64 kilomèt pa èdtan; Tout pon yo ap fèmen pou kamyon lè vè van an atenn 80 kilomèt pa èdtan e y ap bloke tout trafik a 97 kilomèt pa èdtan.

Y ap deplwaye apeprè 350 anplwaye antretyen oswa operasyon pandan tanpèt la, pami yo 270 anplwaye ki la espesyalman pou konbat nèj. Detektè meteyolojik elektwonik yo ap fonksyone nan tout etablisman yo pou siveye kondisyon tan ak wout yo nan tan reyèl. Gen plis pase 9,000 tòn likid pou dejivrè souplas ak plase pase 100 pyès ekipman pou konbat tanpèt ki gen ladan kamyon ak chas nèj ki pare.

PARATRANZIT (TRANSPÒ ADAPTE)

Sèvis paratranzit yo ap fèmen – sof nan ka ijans ekstrèm – apati madi maten a 5 è a.m.

Sikilasyon Vil New York te egalman kowòdone yon pwosedi avèk premye sekouris vil New York yo ak Biwo Jesyon Ijans pou sekouri kliyan ki immobilize nan machin yo oswa sa yo ki bezwen swen medikal pandan tanpèt la.

Port Authority New York ak New Jersey

Port Authority New York ak New Jersey ap fè gwo preparasyon ki enplike anplwaye ak ekipman nan tout lokal li yo pou tann gwo tanpèt nèj yo prevwa k ap kòmanse lendi swa pou rive nan madi. Biwo Jesyon Ijans Ajans la an kontak ak lòt fonksyonè ak ajans lokal, eta ak federal e li pral met ansanm avèk yo pou devlope preparasyon rejyonal pou tanpèt k ap vini an.

Biwo Jesyon Ijans Otorite Pò a (Port Authority's Office of Emergency Management) ap ouvri Sant Operasyon Ijans li a, a 9 è p.m. aswè a. Li konpoze ak moun ki pran desizyon nan tout gwo etablisman e lap rete ouvè pandan tout tanpèt la.

Ekipman ak founiti ki anba la a disponib nan pi gwo lokal transpò Port Authority (PA) oka ta gen yon gwo tanpèt:

- Dè santèn de ekipman nèj nan ayewopò yo, ki gen ladan ekipman ki kapab fonn jiska 500 tòn nèj pa è ak chas-nèj ki ka retire nèj a 64 kilomèt alè, epi plizyè douzèn ekipman nèj nan pon ak tinèl PA;
- Plizyè milye tòn sèl ak sab pou wout ak pakin, pon, ak tinèl;
- Plizyè milye galon sibstans chimik likid anti-jèl nan ayewopò yo, k ap anpeche nèj ak glas anvayi pis avyasyon ak wout taksi yo; plizyè milye tòn dejivrè solid, k ap kase glas ak nèj ki deja nan tè a; e
- Tren pou deneje ak materyèl pou fonn nèj pou netwaye ray estasyon PATH ak lokal ajans lan.

Ap gen anpil anilasyon vòl madi nan ayopò LGA ak JFK; nou ankouraje vwayajè yo verivye valiz yo; pasaje k ap pati yo pa ta dwe ale nan ayopò LGA a amwenke yo genyen yon rezèvasyon.

Pou jwenn enfòmasyon pa-minit sou pasaj Port Authority, ayewopò yo ak sistèm PATH, yo ankouraje vwayajè yo pou enskri nan Port Authority alerts nan www.paalerts.com. Vwayajè yo ka rele tou 511 oswa vizite 511NY.org oswa 511NJ.org pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon otowout yo.

Depatman Sèvis Piblik

Depatman Sèvis Piblik an kontak ak chèf egzekitif sèvis piblik pou asire ke sèvis piblik yo pare pou move tan, epi li pral suiv ak atansyon efò k ap fèt pou prepare tanpèt pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize enteripsyon e fè reparasyon rapid. Sèvis piblik elektrik ak gaz, menm jan tou ak founisè sèvis telekominikasyon, tankou Verizon, pare pou ede tou pou minimize enteripsyon sèvis, si yo rive. Sèvis Piblik pare pou

reponn 24 sou 24 lè gen pa-n kouran e yo egzije yo pou mete sou pye yon plan repons ijans, lè sa nesèsè, sa ki gen ladan kontakte kliyan ki sou ekipman sipò lavi ak lòt kliyan frajil.

Akoz gwo move tan yo prevwa a, Depatman an ap ogmante kantite lè fonksyònman Liy Sekou Sant Dapèl li an, kòmanse madi 14 Mas ant 7:30 a.m. a 7:30 p.m., pou ede kliyan yo nan efò repons kont tanpèt la ak efò reparasyon yo, rive mèkredi 15 Mas, si sa nesèsè. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Dapèl Depatman la nan [\(800\) 342-3377](tel:8003423377). Anplwaye Depatman an pral siveye e rapòte enpak tanpèt la ak aktivite restorasyon sèvis piblik pandan tout evènman an e y ap sou plas, jan sa nesèsè.

Pou Rele yon Konpayi Elektrisite ak Gaz:

- Central Hudson: [\(845\) 452-2700](tel:8454522700) oswa [\(800\) 527-2714](tel:8005272714), oswa ale sou www.centralhudson.com
- Con Edison: (800) 75-CONED ([800-752-6633](tel:8007526633)), oswa ale sou www.coned.com
- PSEG-Long Island: [\(800\) 490-0075](tel:8004900075), oswa ale sou www.psegliny.com
- National Grid (elektrisite nan nò): [\(800\) 867-5222](tel:8008675222), oswa ale sou www.nationalgridus.com
- National Grid (gaz nan nò): [\(800\) 642-4272](tel:8006424272), oswa ale sou www.nationalgridus.com
- National Grid (gaz nan metro area): [\(718\) 643-4050](tel:7186434050), oswa ale sou www.nationalgridus.com
- National Grid (gaz nan Long Island): [\(800\) 490-0045](tel:8004900045), oswa ale sou www.nationalgridus.com
- NYSEG (elektrisite): [\(800\) 572-1131](tel:8005721131), oswa ale sou www.nyseg.com
- NYSEG (gaz): [\(800\) 572-1121](tel:8005721121), oswa ale sou www.nyseg.com
- Orange & Rockland: [\(877\) 434-4100](tel:8774344100), oswa ale sou www.oru.com
- Rochester Gas & Electric (elektrisite): [\(800\) 743-1701](tel:8007431701), oswa ale sou www.rge.com
- Rochester Gas & Electric (gaz): [\(800\) 743-1701](tel:8007431701), oswa ale sou www.rge.com

Depatman Konsèvasyon Anviwonman

Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta a ap mobilize Ofisye Konsèvasyon Anviwonman, Gad Forestye ak anplwaye enpòtan nan rejyon Mid-Hudson Valley, Vil New York ak Long Island, ki gen ATV, UTV, motonèj, ak kamyon 4x4 ki disponib pou ede nan jefò sovtaj yo, si sa nesèsè. Espè enjenyeri sou bò lanmè DEC pare tou pou ede avèk siveyans inondasyon potansyèl ak ewozyon bò lanmè akòz tanpèt la. Lòt anplwaye pwoteksyon piblik ak repons pou debòdman ap kowòdone avèk lòt patnè leta ak lokal yo pou bay asistans anplis si sa nesèsè.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Parks, Recreation and Historic Preservation)

Gouvènè Cuomo te anonse tou fèmte tout pak eta yo, sit istorik, ak etablisman DEC jere yo ki sitiye nan zòn ki touche yo ki genyen ladan yo, Konte Suffolk, Nassau, New York City, Westchester, Rockland, Orange, Putnam, Dutchess, Ulster, Greene, Columbia,

Albany, Rensselaer, Schenectady, Montgomery, Saratoga ak Washington. Vizitè pak yo ta dwe swiv www.nysparks.com de prè oubyen rele biwo pak lokal yo pou nouvo enfòmasyon.

Prekosyon kont Danje yo

Tout rezidan yo ta dwe gen disponib atik swivan sa yo:

- Flach ak pil siplemantè.
- Radyo pòtab ki alimante avèk pil oswa Radio Meteyo NOAA pou resevwa enfòmasyon ijans.
- Rezèvanman pou sèt a dis jou. Manje ki gen anpil enèji tankou fwi seche oswa sirèt, ansanm avèk manje ki pa bezwen kwit oswa refrijerasyon pi bon. Egalman stoke yon rezèvanman ijans boutèy dlo. Kantite ki rekòmande pou chak moun se yon galon pa jou pou 7 a 10 jou.
- Yon semèn apwovizyonman medikaman ak manje tibebe esansyèl.
- Twous premye swen ak founiti.
- Kouvrelanman anplis ak sak pou dòmi.
- Ponp pou tenyen dife ak detektè lafimen – teste regilyèman pou asire ke yo travay komsadwa.

Sekirite sou Wout la

Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.

- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmasyon sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

Kondwi ak prekosyon

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò.

- Retire glas ak nèj ki sou machin ou an avan ou chita dèyè volan. Bon vizyon se yon kle pou kondwi san danje.
- Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Ou dwe pi vijilan. Pa bliye, pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Bloke nan yon Machin

Piske y ap prevwa kondisyon bliza, men kèk konsèy pou suiv:

- Rete chita nan machin ou epi tann jouktan sèvis sekou yo jwenn ou.

- Fè motè machin ou mache pou yon titan pou ka rete cho. Kite vit ki pa bay van fas ouvri epi asire w mòflè w pa bouche ak nèj.
- Lè wap fè motè a mache kite limyè plafon an limen leswa pou bay sekouris yo siyal.
- Kwoke yon mòso twal oswa yon moso rad koulè klere sou machin ou an.
- Fè egzèsis tanzantan; detire bra, janm, dwèt ak zòtèy ou pou kenbe san ap sikile epi pou w rete cho.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418